

📍 7255 Ogontz Ave.
Filadèlfi, PA 29138

☎ (301) 357 1808
(240) 779 5901

✉ lyonelddedmarattes@gmail.com

✖ @lyodesmarattes

Prepared and Published by
Kreyoldabo.com and Creolefirst.com
Philadelphia, PA, May 2026




Lyonel Desmarattes ready to perform at a ceremony marking the first anniversary of the foundation of Radio-Television 'Le Rocher'. Philadelphia, May 2nd, 2026



Lyonel Desmarattes posing with Yves Parthen Anty, program director of Radio-Television 'Le Rocher' and the master of ceremony, John Larose. Philadelphia, May 2nd, 2026

LYONEL D. DESMARATTES



Direktè Nouvèl Radyo-Televizyon 'Le Rocher'

📍 7255 Ogontz Ave.
Filadèlfi, PA 29138

☎ (301) 357 1808
(240) 779 5901

NOTIS BIYOGRAFIK AKADEMISYEN AK KREYOLIS LYONEL DOMINIQUE DESMARATTES

Lyonel D. Desmarattes se yon reporter ki pase tout vi li ap pratike journalism radio, ni an Ayiti ni nan peyi etranje. Li se yon plimeyank ki ekri sitou an franse ak kreyòl; yon aktè-teyat; yon ekriven teyat (sa lang fanse a rele yon 'dramaturge', yon manm AKA (Akademi Kreyòl Ayisyen an) depi fevriye 2021. Pou rezon sa yo li renmen prezante tèt li epi siyen let li ak imèl li –nap site:

Lyonel Desmarattes

Akademisyen e Kreyolis Angaje.

<< Pandan plis pase 35 lane, li te travay kòm sa yo rele an anglè “an IRB” (an International Radio Broadcaster), 3 gwo mo ki vle di tou senpleman nan lang blan an “journalis radyo entènasyonal” nan Lavwad Lamerik, rayo-televizyon-medya sosyal, high tech Lezetazini pou lemond, kote li te travay kòm editè ak prezantatè nouvèl pou Sèvis Kreyòl la anvan li te pran retrèt li nan dat 4 oktòb

2022. Si nou mete 35 lane nan Lavwadlamerik yo, sou 15 lane li te pase ap travay nan menm domèn radyo a an Ayiti (pami 15 zan sa yo, li te pase preske 10 zan nan 'La Radio Nationale d'Haiti'), nou gen dwa di sa bay 50 lane; sa ki vle di Misye DESMARATTES pase prèske tout vi li ap travay kòm jounalis

Pou n ale rapidman ann di, kòm kreyolis (sa Maurice Sixto rele 'yon plim-e-ank', yon sanba ekriven), li se otè preske 10 tradiksyon/ adaptasyon/entepretasyon an kreyol divès pyès klasik franse, tankou “Le Tartuffe”, “Le Misanthrope”, “Les Femmes Savantes”, “L'Ecole des Femmes” de Molière; “Athalie” de Jean Racine, epi “Horace” de Pierre Corneille. Li reyalize epi pibliye tradiksyon kreyol 2 lòt gwo liv ki antre nan domèn kilti ak literati mondyal la: se “Woben Lakwa”, swa yon tradiksyon “Robinson Crusöé”, yon chedèw womansye britanik Allen Defoe te ekri depi nan mitan 18èm syèk la (vè lane 1745 konsa), epi “Chevalye d'Artagnan”, swa yon tradiksyon pasyèl woman-referans, liv-fetich youn nan pi gwo womansye franse yo, Alexandre Dumas Père, yon ekriven jenyal ki okipe yon gwo plas nan littérature francaise la epi ki gen rapò avèk Ayiti kanmèm,

paske papa li, le général Alexandre Dumas, te pran nesans nan vil Jérémie, nan pati sid-wès peyi nou an, nan Depatman Grand'Anse la.

Sa pa gen lontan, Clotaire Pierre-Louis, yon zanmi danfans ak jenès Lyonel, pa t montre okenn timidite ditou, menm jan misye pa t manifeste pyès ezitasyon, pandan li t ap di kijan li apresye travay Demarattes reyalize nan/pou/avèk lang kreyòl la- Li declare –n ap site:

<<Daprè mwen menm, pèsònèlman, Lyonel Dominique Desmarattes se pi bon bagay ki te ka rive lang kreyòl la depi plizyè dizèn dane –an tou ka depi tonton li, Feliks Moriso-Lewa, te pibliye chedèw ki sèvi pou idanifye li pi byen kòm ekriven e sitou kòm yon pyonye mouvman kreyolis la, n ap pale de “Koleksyon Dyakout” li a, ke Mèt Moriso-Lewa te pibliye nan ane 1940-1950 yo. >> fen sitasyon.

Nan sezon prentan ane 2020 an, Lyonel te pibliye an anglè: <<Discovering the Americas>>, yon liv jewografi pou timoun ki te parèt nan mezon dedisyon “The Christianfaith Publishing Company” ki baze nan vil Meadville, nan Eta Pennilvani.

Nan fen mwa d Oktòb 2013, apre patisipasyon li nan selebrasyon mwa kreyòl la ak Jounen Entènasyonal Lang Kreyòl yo nan Monreyal, Kanada, vis-majistra kominal vil la, Frantz Benjamin, te remèt li kle vil la plis yon plak rekonesans avèk sitasyon sa a:

“Resevwa kle vil Monreyal la pou kontribisyon ou nan efò pou devlope antant, inyon ak bon konpreyansyon ant gwoup etnik yo epi fè promosyon pou kilti ayisyèn nan nan Dyaspora a.” fen sitasyon.

Nan mwa janvye 2023, nan yon seremoni ki te dewoule nan vil Boston, Mèri vil Randolph ak Commonwealth Eta Massachussets te remèt li yon plak ak yon setifika rekonesans pou travay li fè pandan plizyè dizèn dane pou li kenbe kon-sitwayen Ayisyen li yo enfòmè ni nan peyi d Ayiti, ni nan peyi etranje.

LIV LIV LYONEL DEJA PIBLIYE OUBYEN PRAL PIBLIYE

Men yon lis pasyèl liv Lyonel D. Desmarattes deja pibliye oubyen pral pibliye:

1. Mon Coeur et Ma Plume (poésies francaises et créoles), Edition Fardin, P-A-P, Haiti, 1979.
2. The Haitian Creole Newspaper Reader, a comparative study of English and Creole structures, co-authored with British linguist Kate Howe, the McNeal Co. Edition, Maryland, 1989.
3. Mouche Defas ('Le Tartuffe' de Molière an kreyòl), premye edisyon ak grafi Faublas-Pressoir, Kansas Univesity, Lawrence, KS, 1983.
4. Mouche Defas, 2èm edisyon (ak grafi F-P), Kansas University, Lawrence KS, 1985.

5. Mouche Defas, 3èm edisyon (ak nouvo grafi ofisyèl la), Educa Vision, Pampano Beach, FL, 2004.
6. Fanm Filozòf ('Les Femmes Savantes' de Molière an kreyòl), Educa Vision, Pampano Beach, FL, 2005.
7. Lekòl Medam yo ('L'Ecole des Femmes' de Molière an kreyòl), Educa Vision, Pampano Beach, FL, 2005.
8. 'Zanmi Pèsonn' ('Le Misanthrope' de Molière an kreyòl), Educa Vision, Pampano Beach, FL, 2005.
9. 'Woben Lakwa' ('Robinson Crusöe' de Allen Defoe an kreyòl), piblikasyon Classics Edition, University of Florida, Gainesville, FL, 2012.
10. 'Tim Tim, Bwa Chèch - Kont Pa m, Istwa Pa m' (istwa kout ak kont ak lejann), publication Jebca Editions, Boston, MA, Oktòb 2023.
11. 'Chevalye D'Artagnan oubyen Yon 4èm Mousketè ('Les trois mousquetaires, Alexandre Dumas Père an keyòl). Edisyon Sosyete Koukouy, Chapit New York, avril 2024.
12. 'Discovering the Ameriicas' (a geography book for kids). Publication 'Christian Faith Publishing Company, Meadville, PA, prentan 2024.

LIV KI NAN KOUTI

13. 'Egzile sou Zile, Oubyen Pitit Gran Mèt la pa janm pèdi batay' - tradiksyon/adaptasyon kreyòl 'Les Naufragés du Pôle Nord' (otè enkonni).
14. 'Panse ak Refleksyon Filozofik' (The Prophet, Khalil Gibran an kreyòl).
15. "Belle-Anse et ses 7 Sections Communales", un bref aperçu sur la topographie et les réalités socio-économiques de la Commune de Belle-Anse.
16. 'Souvni yon kreyolis ak yon Sanba Angaje'

– eksperyans mwen avèk lang kreyòl la sòti nan Radio Nouveau Monde (1975-1976) pou rive nan 2022, ane admisyon mwen nan Akademi Kreyòl Ayisyen an (AKA) an pasan pa anviwon 10 an nan Radio Nationale d'Haiti mete sou plis pase 35 lane nan Sèvis Kreyòl Lavwadlamerik.

17. "La religion Baptiste et l'Évangélisation du Département du Sud-Est d'Haiti - Rôle et Impacts du Pasteur et Fondateur d'Eglise Rosilus Durandisse Sylvain et ses héritiers (témoignages divers).
18. 'Quand Saltrou est devenu Belle-Anse: Qu'est-ce qui a changé?' Ce livre ébauchera le parcours de l'homme politique et sorbonard Hugo H. Paul, orateur fervent et membre du parlement haïtien qui, comme son jeune frère, le mathématicien Talès Paul, improvisait comme lui seul dans un français impeccable et exemplaire. Ses envolées oratoires replètes d'élégance et de charme, rappelaient par moments des tribuns hors-pair d'une génération ou deux avant lui, tels que Emile Saint-Lot et Dumarsais Estimé. Son style et son aura le distinguaient dans le corps législatif et impressionnaient le Président François Duvalier lui-même. Son livre, 'L'Arrondissement de Belle-Anse et ses Problèmes', publié deux fois dans les années 1960, reste un classique du genre et une référence pour des intellectuels belle-ansois du 21ème siècle comme l'éducateur Kesly Lafond, auteur du livre 'La ville de Belle-Anse et son évolution: de l'époque indienne à nos jours', un documentaire socio-économique inédit consacré à l'histoire, à la géographie et au potentiel économique de la Commune de Belle-Anse.